

**ФИДБИЛИЗ ÆРЦÆУЙНАГ КУ УА, УÆД ÆЙ НÆ БАУОРАМДЗÆНÆ, ФАЛ СИ ХЕ БАГЪÆУАЙГÆНÆН БА ЕС!..**

***ДЗАРАСТИ Солтан (1928-2015), экономикон наукити доктор, æхсæнадон-политикон архайæг: «Нæ бæлæхтæн сæ сæйрагдæр игурæн æй, нæхе ирисхъæмæ кудфæнди цæстæй, устурзæрдæй ке кæсæн, уæдта хецаудзийнадæ æма нæ еумæйаг есбойнадæбæл нин хæлæфгæнгутæ айдагъдæр сæхе уодти къоппатæбæл ке тухсунцæ, е. Уæхæн уавæрти нин нецуавæр зонадон теоремитæ байагъаз кæндзæнæнцæ».***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№33 (904) 2023 анзи 5 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# БЕСЛÆН... ЗÆРДХЪУРМÆЙ ИМИСÆН, ЗÆРДРИСТÆЙ ХЪОНЦ КÆНÆН...

**Рæстæг куд фулдæр цæуй, утæ цийфæнди содзгæ рист дæр нидæндæр кæнуй, зæгъгæ, бæргæ фæззæгъунцæ, фал... Нæудæс анзи райевгъудæй, нæ адæми знæгтæ Беслæни æверхъаудзийнадæ ку исаразтонцæ, ахури нæуæг анзи райдайæни хорæхснад бæрæгбон тогæйдзаг ку фестун кодтонцæ, уæдæй... Нæудæс анзи... Сæ бæрцæй, ка 'й зонуй, минкъий нæ 'нцæ... Фал Иристони дзиллæ, Уæрæсей æма фæсарæнти берæ бæстити рæстзæрдæ дзиллитæн уони бæрцæ сæ гъудий дæр нæй – уомæн æма абони дæр нæ зæрдити рист нæ нидæндæр кæнуй, нæ цæстисуг нæ федуйуй...**

**Куд нæудæс анзей дæргъи, утæ аци анз дæр сентябри фиццаг æртæ боней дæргъи Иристони арæзт цудæнцæ номерæн æма хъонц кæнуни мадзæлттæ. Уæхæн мадзæлттæ арæзт цудæй Уæрæсей берæ рауæнти дæр...**

**Нæ адæми карни берæ, хъæбæр берæ æверхъаудзийнæдтæ 'рцудæй. Фал уонæн сæ еугурей дæр æхгæнуй Беслæни ка 'рцудæй, еци фудбæлах... Уомæн æма æ уæззаудзийнадæ нерæнгæ дæр ма нин нæ зæрдитæ фурзинæй æлхъевуй... Æма си некæд исуæгъдæ уодзинан. Æцæг нин нæ хъаурæ, нæ нифс, нæ уодти федардзийнадæ ма басæттæд. Уомæн æма нæ етæ уæлдай хъæбæрдæр гъæунцæ, цæмæй нæбæл уæхæн æверхъаудзийнадæ мабал æрцæуа. Цæмæй нæ кæстæртæ гъæуайгонд уонцæ, етæ цæрунмæ райгурдæнцæ, æма цæмæй сæ исонибон райдзаст уа, цæмæй син сæ рохс бæлдитæ исæцæг кæнун бантæса, уой сæрбæлтау уодуæлдайæй архайунæй мах нæ еугур дæр ихæсгин ан. Æма уой лæдæрунæн æма уобæл архайунæн ба нæмæ нæ Исфæлдесæги фæндæй фагæ зунд æма хъаурæ разиннæд!..**

**НОМЕРÆН**



## ЦАРД ÆЙ РÆСТÆГМÆ, КАДÆ БА – ÆНОСТÆМÆ...

Адирхати Светланæ... Хуæрзæрæги дæр ма хъæбæр зæрдæхцæуæнæй цийнæ кодтан æ цитгин юбилейи фæдбæл, зæрдиаг арфитæ ин бæргæ кодтан... Абони ба зæрдхъурмæй хъонц кæнæн – æхсæз æма цуппаринсæйæймаг анз ибæл цæун ку райдæдта, уотемæй нæ номдзуд æмзæнхон силгоймаг æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй.

Фæстаг фæндараст ин загътонцæ Мæскуй, æ исфæлдистадон цардвæндагæй дæс æма дууинсæй анзи кæмæн иснивонд кодта, еци Устур театри.

Еци мадзали архайдта Цæгат Иристони делегаци, æ сæргъи нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма Парламенти Сæрдар **Тускъати Тайморaз**, уотемæй.

Саударæн мадзали радзубанди радзубанди кодта Тускъати Таймораз дæр. Æма загъта:

– Адирхати Светлани адзал фидибæстаг культурæн, Цæгат Иристони цæргутæн иссæй, банхæст кæнæн кæмæн нæййес, уæхæн устур зиан. Аййевадæн лæггадæ фæккодта уодуæлдайæй. Уæхæн адтæй Советон Цæдеси адæмон артистки над. Берæвæрсуг искурдиадæ, фæллойнæуарзагæ, дæсниадæмæ æма балети аййевади хуæздæр традицитæмæ æгæрон æуууæнкæ ин агъазгæнæг фæцæнцæ уæлдæр къæпхæнмæ исхезунæн. Адирхати Светланæ Устур театри сценæбæл исаразта, феронхгæнæн кæмæн нæййес, уæхæн ирд сорæттæ, уруссаг балети кадгин традицитæ багъæуай кæнунмæ, сæ ирæзтмæ бахаста агъазиау байвæрæн.

Адирхати Светлани байвардтонцæ Мæскуй Троекурови уæлмæрдти æ цардæмбал Алексей Закалинскийи фарсмæ.

***Адирхати Светлани туххæй номерæн æрмæгутæ кæсетæ 8-аг фарсбæл.***


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*АЙЛАРТИ Чермен (1934-2005), Цæгат Иристони æскъуæлхт дохтир, финсæг: «Алкедæр ни балæдæрдтæй, нæ фудгол æ хузæ ке раййивта, уой. Не 'знаг æзини æзнаг нæбал æй. Е нæ раздæр еугæйттæй мардта. Æхста нæ фæрсæй, къотæртæй, хъамилтæй – сосæггай. Абони нæ марун райдæдта æргомæй æма берæгай листæг сарсийнæй тигъд сæрмагонд программæмæ гæсгæ.*

# БЕСЛÆН... ЗÆРДХЪУРМÆЙ ИМИСÆН, ЗÆРДРИСТÆЙ ХЪОНЦ КÆНÆН...







***Ольгæ САПОЖНИКОВА***

## БЕСЛÆН

Æтт уæдæ, демократтæ,
Райгæ стæм тынг уæ хуынтæй:
Гонтæ хæрздзаг – гранаттæй,
Исæм тротил нæ хуымтæй.

Мæнæ уын, гъе, нæ фæззæг –
Ингæнтæй зæхх тæппæлттæ!
Хæдзæрттæ – хæлд, æвæздæг,
Зæххы хай сси сæ зæнæг!

Гъеныр-ма кæн, йе ма кæн
Карз æлгъыст, йе тæрхæттæ, –
Сафтид йæ ахстон маргъæн:
Лæппынтæ – арвыл… зæдтæ.

Хъуысы æмыр хъæр арвæй:
Дзибатæ – рыст, æххормаг…
Ратт сын рæдауæй хойраг,
Бадар сын дон дæ армæй.

* * *

***Геннади ИВАНОВ***

Фæндтæ, хъуыдытæ нал баззад нæ дуджы,
æрмæст ма – удхар, дудгæбонтæ, рис.
Зæхх сæвдылди цæссыгтæ æмæ туджы –
ирон бæстæ æрдиаггаг фæцис.

Дзынæзтой адæм, бæлæстæ 'мæ кæрдæг,
йæ уацары сæ бакодта бæллæх…
Цыдæр æрцæудзæн, – зоны йæ мæ зæрдæ, –
нынкъуысдзæнис æнахуыр уацæй зæхх.

* * *

***Павел МАВРЕНКОВ***

Кæд уыдис а дуне сабыр?
Нæ цард – æнусон катай, мæт…
Беслæн, дæ сыгъдæг удтæн ныр
Сæ цæрæн рухс бæстæ – дзæнæт.

Нырма зæххыл цæудзæни тох,
нырма æвзардзыстæм фыдох.
Фæлæ зæгъдзæн Хуыцау Йæ дзырд –
Йæ азар баййафдзæни сырд.







**Историон наукити доктор, Гурдзий Советон Социалистон Республики наукити æскъуæлхт архайæг Уанети Николайи фурт Захарийи райгурдбæл 2 сентябри исæнхæст æй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1888-1963).**

***Кедæр амундæй, кедæр ардудæй. Зонунцæ нин нæ лæмæгъ бунæттæ æма нæ цæвунцæ ецирдигæй. Раздæр кæд нæлгоймæгти хæццæ тухтонцæ, уæд нур ба нæ силгоймæгтæ æма æнагъон сабийти хæццæ райдæдтонцæ. Уони хæццæ тохун ба лæги хузæн лæг æ дæр сæрмæ некæд хаста. Сувæллонмæ берæгъ дæр куд не 'вналуй...»***


**СÆБАНТИ Тæрхъан æ бийнонти хæццæ: разæй бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) æ цардæмбал Софья, сæ фурт Азамат æма Тæрхъан. Лæуунцæ: сæ кизгуттæ Фатимæ æма Ларисæ.**

# АДТÆЙ КÆСТÆРТÆН НИФСДÆТТÆГ...

Ацал-ауал анзи еци зæрдхъурмæй имисæн, Беслæни фудбæлахи ка бастъалдæй, уони рохс нæмттæ. Уони туххæй æрмæгутæ нуриуæнгæ дæр мухур кодтан, абони ба нæ фæндуй **СÆБАНТИ Гæбулий фурт Тæрхъани** æримисун. Нæ дзубанди ба идайæн, Тæрхъан беслæйнаг фудракæнди ку фæммард æй, уæд уой фæдбæл зундгонд журналист Тепсихъоти Зойæ (гъулæггагæн, е дæр абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) ци æрмæг ниффинста, уомæй...

## ÆХСАРГИН АХУРГÆНÆГ Æ ФÆСТАГ УРОК ДÆР ÆХСАРГИНÆЙ РАРВИСТА...

СÆБАНТИ Тæрхъани цардвæндаг намусгин æма цитгин адтæй, зæгъгæ, ку зæгъæн, уæд уомæй растæй-растдæр уодзинан. Устур Фидибæстон тугъди æхсаргин архайæг, ССР Цæдеси адæмон ахуради отличник, Уæрæсей скъолай æскъуæлхт ахургæнæг, е берæ хуæрзти бацудæй нæ адæмæн, куд кæстæр фæлтæрти искурдиадæгин гъомбæлгæнæг, куд адæмон ахуради дæсни æма хъæппæресгин разамунддæттæг. Берæ æнзти дæргъи разамунд фæллæвардта Беслæни фиццаг скъолайæн. Æ куст цæйбæрцæбæл æнтæстгин адтæй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма аци ахургæнæндонæ иссæй нæ республики тæккæ нимаддæртæй еу.

Æноси цуппæрæймаг хаййæй фулдæр кæми бакосай, еци рауæн дин, æнæмæнгæ, исуодзæнæй куд дуккаг хæдзарæ æма дæбæл æнæ уомæй дæ фæлладуадзæн бон дæр ниддаргъ уодзæнæй. Æма, зæгъун æнгъезуй, Беслæни фиццаг астæуккаг скъола Сæбанти Тæрхъанæн æцæгæйдæр адтæй æ дуккаг хæдзарæ. Растдæр ба уотæ зæгъун уодзæнæй, æма, æ уарзон бийнонти хæццæ кæми цардæй, еци хæдзарæ, æма, кæми куста, еци скъола дæр æмбæрцæ-æмхузон хецон ин адтæнцæ. Фулдæр хæттити сæхемæ, сæ хæдзари, айдагъдæр æхсæвеуат æркæнидæ. Скъолай ба фæууидæ сæумицъæхæй ба – изæри талинги уæнгæ. Уæхæн рæстæг дæр ибæл уидæ, æма æ цæуæти бони рохсмæ дæр нæ фæууинидæ.

Уомæн æма хъæбæр бæрнон гъуддаги лæуд адтæй – дæс æма инсæй анзей дæргъи разамунд фæллæвардта Беслæни тæккæ агъазиаудæр æма нимаддæр скъолайæн. Тæрхъан уогæ фæстаг æнзти скъолайæн директор нæбал адтæй æ карæмæ гæсгæ, дæс æма ибæл цуппаринсæй анзи минкъий гъæуагæ цудæй, фал еу усмæ дæр æнæ скъола нæ лæудтæй, гъуддаг дæр æй неци адтайдæ, уотемæй сабур къахдзæфтæй рараст уидæ æ дуккаг хæдзарæмæ, тургъи фæррацо-бацо кæнидæ, бацæуидæ медæмæ скъоламæ дæр, æ цæстæ радаридæ цæрдæг æма игъæлдзæг сабийтæбæл, бонхуарз зæгъидæ ахургæнгутæн, уæдта фæстæмæ сабур къахдзæфтæй раздæхидæ.

Тæрхъан кæд игургæ Беслæни нæ ракодта, царди рохсмæ æ ниййергутæн Киристонгъæуи (нури Дигорай) фæззиндтæй, уоми рагъомбæл æй, уæддæр æ зæрдæ ба баст адтæй Беслæнбæл, ами цæрæг дзиллæбæл. Æма ин ами дæр зæрдиагæй агъазиау аргъгонд цудæй. Уобæл дзорæг æй е дæр, цæйбæрцæбæл арфиаг си адтæнцæ скъолай коллектив дæр, ами ахурдзаутæ, уонæн сæ ниййергутæ.

Уобæл дзорæг æй е дæр, æма 'й алли анз дæр сæрмагондæй байагориуонцæ ахури нæуæг анзи райдайуни фæдбæл арæзт кадгин мадзалмæ. Уотæ адтæй 2004 анзи дæр... Еугурæйдæр сæхе бæргæ цæттæ кодтонцæ еци хатт дæр бабæй сæ еумæйаг бæрæгбон зæрдæмæдзæугæй рарветунмæ. Тæрхъан дæр хуæрзарæзтæй, сæумæй æрбацудæй скъоламæ. Æгæр раги цуд ин фæцæй, фал нæ батухстæй, æрзилдæй скъолай бæстихæйттæбæл – æркастæй къласстæмæ, нæуæг ахури анзмæ куд цалцæггонд æрцудæнцæ, ахургæнæн къласстæ куд ефтонг æнцæ гъæугæ техникон фæрæзнитæй, уобæл бацийнæ кодта.

Ке зæгъун æй гъæуй, еци фарстатæ рагæй нæбал хаудтæнцæ раздæри директормæ, фал куд исахур æй, уомæ гæсгæ еци ахсгиаг гъуддæгутæй æхе еуварс нæ ласта, фæндадтæй æй зонун, ци ес хуарзæй дæр æма къулумпидзийнадæй дæр скъолай.

Уæдмæ мадзал райдайуни рæстæг æрхъæрттæй, скъолай урух тургъи æрбамбурд æнцæ ахургæнгутæ, сабийтæ сæ ниййергути æма хæстæгути хæццæ. Кæд æма скъоладзаутæ айдагъ сæхуæдтæ фарастсæдей бæрцæ адтæнцæ, уæд сæ хæццæ 'рбацæугути хæццæ ба зингæ фæффулдæр æнцæ.

Зæронд ахургæнæг, скъолай раздæри директор, ходæндзастæй æ цæстæ радардта æригон фæлтæрбæл, ахургæнгутæбæл, ниййергутæбæл æма ин сæ фæууиндæ устур æхцæуæндзийнадæ лæвардта... Тæрхъан не 'хсæн ку нæбал æй, уæд ма 'й кутемæй базондзинан, цæбæл расагъæс кодта еци рæстæг. Фал ин æ зæрдихатт зонгæй ба, нæ бон æй уотæ зæгъун, æма уæд æ гъудитæ, æвæдзи, адтæнцæ кæстæрти туххæй: «Куд хуарз æй, мадта, æригондзийнадæ!.. Æз дæр адтæн æригон, фал мæ догæ мæгурдæр адтæй, абони ба сабийти цард райдзаст æма сабур æй. Амонд æма æнæфидбилизæй багъомбæл уæнтæ, Иристонæн аккаг хъæболтæ куд исуонцæ!..»

Уæд дин еу усми Тæрхъан фæккомкоммæ 'й, æнай-æнойти скъолай тургъи тæрæгбæхæй ка исмедæг æй, еци циуавæрдæр æнахур адæммæ. Хуæдтолгæй æргæппитæ кодтонцæ æд тохæнгæрзтæ, сæ цæсгæнттæ цидæр къимбустæй æмбæрзт... Фехститæ кодтонцæ уæлдæфмæ автоматтæй, уотемæй адæми медæмæ скъолай спортивон зали 'рдæмæ 'схуститæгæнгæй тæрун райдæдтонцæ. Зали дуæрттæ сæмæ æгæр унгæг фæккастæнцæ æма сувæллæнтти къæрæзгитæй дæр медæмæ гæлстонцæ.

Тæрхъан, цардæй фæлтæрд адæймаг, уайтæккæ балæдæрдтæй, скъоламæ æрæмбурд адæми террористтæ амæнæти ке райстонцæ, уой.

Куд тугъдон лæг, уотæ балæдæрдтæй, адæм ци устур фудбæлахи бахаудтæнцæ, уой дæр. Тугъди цæхæри æ райдайæнæй ба æ кæронмæ знаги нихмæ ка фæттох кодта, еци лæг æй куд нæ зудта, æвуд адæми нихмæ тохæндзаумау ка райста, уони æррадзийнадæ цæйбæрцæбæл тæссаг æй, цæйбæрцæбæл фидбилизтæ исараздзæнæнцæ, уой.

Сæбанти Тæрхъани е 'мкосæг ахургæнгути, гъомбæлгæнуйнæгтæ æма уони ниййергути хæццæ террористтæ æртæ бони æма дууæ æхсæвей дæргъи ци æвадуат æма тухст уавæрти фæддардтонцæ, тохæнгарз æма рæмодзæн æрмæгæй ефтонг спортивон зали син цитæ бавзарун кодтонцæ, уони радзорунæн ка исбæззидæ, уæхæн дзурдтæ еунæг æвзаги дæр нæййес. Уоййасæбæл æверхъаудзийнадæ адтæй.

Амæнæти æ хæццæ ци адæм адтæй, уонæй ка райервазтæй, етæ имистонцæ, Тæрхъан каргун уогæй, куд фæразон æма хъайтарæй æвдиста æхе. Нæ син уодæнстæй террористтæн сæ æгъатир, сæ гъæддаг миуæ, курдта си, цæмæй исуæгъдæ кæнонцæ адæми фидбилизæй, батæрегъæд кæнонцæ сувæллæнттæн, раттонцæ син дон, хуæруйнаг. Фал курухон номдзуд лæги уайдзæфтæ нæ багъардтонцæ террористтæмæ, айдагъдæр ин загътонцæ, рацæргæ лæг дæ æма, дан, дин дæхе уæгъдæ кæнæн, зæгъгæ. Фал зæронд ахургæнæг, æ сæрмæ не 'рхаста сувæллæнтти разæй æ уод багъæуай кæнун.

Æма еци гъезæмарæ уавæрти æхсаргинæй хаста æ уарзон скъолай фудбæлахи бахауæг ахурдзаути 'хсæн æ царди сæйрагдæр, гъулæггагæн, фæстаг урок – лæгдзийнади æма уодфедардзийнади урок. Ниффæразта еугур зинтæн æма уомæй нифсдæттæг адтæй иннетæн дæр.

Куд хъæбæр тæрегъæд кодта ирæзгæ сабийтæн дон æма хуæруйнаг гъæуагæй спортивон зали зæрдæгъартæ ка кодта, уонæн. Зæронд ахургæнæг æ фæлмаст цæститæ залбæл радаридæ, уазал пъолбæл дæр сæхе радаргъ кæнунæн бунат кæмæн нæ фагæ кодта, еци сувæллæнттæ хъурæйхъурмæ сæ кæрæдзебæл сæхе къолтæ кодтонцæ. Тæрхъан лæдæрдтæй, хуссæггъæуагæ æма æстонгæн сæ бухсундзийнадæ лæмæгъæй-лæмæгъдæр ке кодта. Уой уингæй, æхе зинтæ лæдæргæ дæр нæ кæнгæй, катай кодта, фидæ æ бæдæлттæн куд тæрса, уотæ син тарстæй фидбилизæй.

4




*Устур Фидибæстон тугъди рæстæг кæрæй-кæронмæ æхсаргинæй фæттох кæнгæй немуцаг-фашистон лæгсирдти нихмæ, капитан* ***СÆБАНТИ Тæрхъан*** *уæлахезонæй исæздахтæй æ фидиуæзæгмæ. Æма уæлахезонæй фæхъхъиамæт кодта ирæзгæ фæлтæртæ гъомбæл кæнуни къабази. Тæрхъан æ уарзон скъолай æверхъаудзийнади рæстæг кæд фæммард æй, уæддæр нæ зæрдити байзадæй Уæлахезонæй, уомæн æма еци фудбæлах исаразæг нуриккон лæгсирдти нихмæ æрлæудтæй æхсаргинæй, æ нифс æма уоди федардзийнадæй си тухгиндæр разиндтæй.*

**Номдзуд ахургонд-геолог, Ленинон премий лауреат Абайти Михали фурт Салати райгурдбæл 5 сентябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи.**

***КОМАЕВА Лидия, журналист: «Вот в такие трагические до святости дни вдруг осознаешь, что существуют всего лишь два цвета: белый и черный, вспоминаешь, что такое хорошо, что такое плохо. Вспоминаешь заповеди. Например, что нельзя торговать совестью, как никогда не торговал***



**СÆБАНТИ Тæрхъан æ фурт Азамати кизгуттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Санетæ æма Амини хæццæ.**

# АДТÆЙ КÆСТÆРТÆН НИФСДÆТТÆГ...

3 Æгъатир, мæнгард террористти цæстингаси Сæбани-фурт уидта æгæрон æнæуинондзийнадæ минкъий Иристони ирæзгæ фæлтæрмæ. Æндæра цæй туххæй сæбæл æрхъола 'нцæ террористтæ, ци син кодтонцæ еци æвуд адæм, цæмæн нæмæ лæборунцæ тохæнгарзи хæццæ, æнагъон сабийтæмæ, силгоймæгтæй циуавæр маст есунцæ?

Ка 'й зонуй, æ еци гъудити хæццæ æ зæрдæбæл æрбалæууиуонцæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæгутæ. Уæд немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тох кæнгæй, æхе цæститæй фæуууинидæ, цъамар знаг цæйбæрцæбæл фудмиутæ исаразидæ æвуд адæмæн, куд нæ тæрегъæд кæниуонцæ нæдæр зæрæндтæн, нæдæр сабийтæн. Фал уидæ уæхæн цаутæ дæр, æма знæгтæй кадæртæ сувæллони нæ рамардтайуонцæ, æ дзоли кенæ сæкæри хай стонг советон сувæллæнттæн лæвардтонцæ. Уæд скъола ка байахæста, етæ циуавæр тогцъух адæмтæй равзурдæнцæ.

Идардмæуинагæ æма зæрдæй зонагæ адтæй курухон зæронд ахургæнæг Сæбанти Тæрхъан. Минкъий имисуйнæгтæ нæ адтæй æ царди. Советон цардарæзтбæл фудæбонгинæй кæд еске æхе равдиста, уæд уонæй сæ еу – Тæрхъан багъæуай кодта устур Советон Цæдес 1941-1945 æнзти немуцаг фашисттæй, исæздахтæй уæлахези хæццæ, æ бæгъатæрдзийнади туххæй ба хуарзæнхæгонд æрцудæй къуар ордени æма майданемæй.

Еци фидбилизи бæнтти Сæбанти Тæрхъан бадт фæцæй рæмодзæн æрмæги бунмæ. Фал уомæй уæддæр æхецæн нæ тарстæй. Зæронд лæгæн е ' уæнгти ма нерæнгæ адтæй бухсундзийнадæ, бæгъатæрдзийнадæ, фудголтæн нихкъуæрд дæттунгъон дæр адтæй æ циргъ æма зундгин загъдæй.

Æ мæтæ æма ауодундзийнадæ сувæллæнттæбæл адтæй, уонæн тарстæй. Се 'хсæн адтæнцæ æхе бæдоли бæдæлттæ – Санетæ æма Алинæ дæр сæ мадæ Алети хæццæ. Куд æй фæндадтæй æ минкъий хорти æ дæлармi æрбакæнун, сæ фæлмастдзийнадæ син æхемæ райсун. Æма кæд цъухи дзурдæй, уарзæгой цæстингасæй æ рæвдудгъæуагæ нæ адтæнцæ, уæддæр имæ е фагæ нæ кастæй, бæлдтæй тагъддæр сувæллæнтти исуæгъдæ кæнунмæ, сæ фæрнуг хæдзæрттæбæл сæ исæмбæлун кæнунмæ.

Гъулæггагæн, еци бæлдæ амæнæти бахауæг адæмæн сæ еугуремæй нæ исæнхæст æй. Террористтæ исрæмугътонцæ спортивон зал æма Беслæни фиццаг скъолай бæстихæйттæ æд адæм царæфтуд бацæнцæ.

Фиццаг исрæмугъди бабун æй Тæрхъан, æ царди фулдæр æнзтæ ци скъолайæн иснивонд кодта, фæстаг къуар анзи ба пенсий уогæй дæр, рæстæгæйрæстæгмæ æхе райерхæфсунмæ кумæ цудæй, еци ахургæнæндони террористти къохæй æ мæлæт иссирдта. Хуцауæй арази, æма æ бæдæлтти бæдæлттæ, сæ мадæ, Тæрхъанæн æ дзæбæх киндзи хæццæ содзгæ скъолайæй удæгасæй ке райервазтæнцæ. Æнæнезæй, амондгунæй цæрæнтæ...

Дуйней исконди сосæргдзийнæдтæ раргом кæнунбæл недзамантæй ба нури уæнгæ , æма ин æ сосæргдзийнæдтæ раргом кæнунбæл циуавæр устур ахургæндтæ ба нæ архайунцæ, фал син нерæнгæ нецима уойнасæбæл æнтæсуй. Фал ни уæддæр æруагæс кæнуй, мæрдти бæсти хуæрзæригон æвуд удтæн удæнцойни цардиуагæ ке разиндзæнæй, е. Æма нæ Исфæлдесæгæй корæн, цæмæй, Беслæни ци æверхъаудзийнадæ æрцудæй, уоми ка бастъалдæй, уонæн дзенети рохсдæр рауæн куд исаккаг кæна, æртæ боней дæргъи уойнасæбæл гъезæмæрттæ бавзаргæй мæрдти бæстæмæ ка банæхстæр æй, еци сувæллæнттæ сæ номдзуд ахургæнæг Сæбанти Тæрхъани хæццæ дзенети удæнцойнæдзийнадæй æнхæстæй хайгин куд уонцæ.

* * *

***СÆБАНТИ Тæрхъан адæмуарзон адтæй, æма 'й адæм дæр рæстзæрдæй уарзтонцæ, аргъ ин кодтонцæ, бæрзонд цæстиварди сæмæ адтæй. Уомæн æвдесæн æй, Беслæни фудбæлахи фæдбæл зундгонд журналист КÆБОЙТИ Мурат (гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) ци киунугæ «Плакал дождь холодными слезами» бацæттæ кодта, уоми мухургонд æрмæгутæ, сæ еу – Тæрхъани синхæнтти финстæг. Æма 'й мах дæр абони мухур кæнæн.***

## Æ ЦАРД АДТÆЙ ЗАРИ ХУЗÆН: ХУÆРЗЗÆРДÆ ÆМА ÆХСАРГИН

Тæрхъан... Аци ном кæд æма абони хъæбæр æстæн æй æма 'й ефстагмæ фегъосдзæнæ, уæддæр Беслæни цæргутæн хуарз зундгонд æй. Уомæн æма син æримисун кæнуй, хъæбæр хуарз ке зудтонцæ æма зæрдтагонæйзæрдтагондæр син ка адтæй, еци адæймаги – Сæбанти Гæбулий фурт Тæрхъани.

Кæд æма 'й Беслæни зудтонцæ куд курухон хестæр, кæддæр сæрустур кæмæй адтæнцæ, нур ба нин, 2004 анзи сентябри си ци æверхъаудзийнадæ 'рцудæй, уой фудæй хъонцгæнæн ка иссæй, нæ сахари еци фиццаг скъолай директор. Махæн ба Тæрхъан нæ уарзон æма нæ хъазар синхон адтæй.

Баба – уотæ 'й худтан фурбоцæй фæсауонмæ. Æма е хумæтæги нæ адтæй – цæй туххæй æй уарзтайанæ æма ин аргъ кодтайанæ, уæхæн менеугутæй ба ма æгæрдæр адтæй хайгин. Сæбанти цардæй рахецæн æй 1995 анзи. Куд нæ æрхун кодтайдæ рацæргæ лæг. Уой æ кæстæртæ дæр куд нæ лæдæрдтайуонцæ, уомæ гæсгæ ба ибæл уæлдай æновудæй ауодудтонцæ. Уæлдайдæр ба æ киндзæ Алетæ, Гасинти Барисизи кизгæ. Хъæбæр боз си адтæй Тæрхъан.

Æстæн адæймæгутæй фегъосдзæнæ нуртæкки доги уæхæн дзурдтæ. Цума æхе кизгæмæ æхе бахатидæ, уæхæн гъæлæси уагæй дзоридæ æ хæццæ. Æма ести незæй ку батухсидæ зæронд лæг, уæд Алетæ æхецæн бунат нæбал еридæ. Уогæ Тæрхъан сæйгитæ ахид нæ кодта, уæдта 'й уомæ евдæлгæ дæр нæ кодта, уомæн æма æ зæнæги раст надбæл æрлæуун кæнуни ихæс æ рагъбæл адтæй. Изæйрон гъар æхсæвти гъæунги синхæнттæ ку æрбамбурд уиуонцæ, уæд Тæрхъан дæр сæ размæ рацæуидæ æма сæ дзубандимæ гæсгæ бунати ку уидæ æма ку федауидæ, уæд æ киндзи хуарзи кой æнæракæнгæ нæ фæуууидæ, растауидæ 'й, бæрæг адтæй цæйбæрцæбæл си боз æй...

Тæрхъан фæммард æй 3 сентябри æ уарзон скъолай медæгæ, æ царди фулдæр æнзтæ кæмæн иснивонд кодта, уоми. Уой размæ дууæ бони æма дууæ æхсæвей дæргъи нифситæ лæвардта æ кæстæртæн, сувæллæнттæн, ма тæрсетæ, бомбитæ æцæг нæ 'нцæ, нæ фехæлдзæнæнцæ, зæгъгæ. Бæргæ æцæгæйдæр уотæ ку рауадайдæ…

Ци хъæбæр нин нæ фагæ кæнис, нæ уарзон хестæр æма синхон… Ходæн бæнтти бæсти нæ синхмæ æрхæндæгдзийнадæ æрбакъахдзæф кодта. Некæмæй ни æруагæс кæнуй, гъæунгæмæ нæ размæ ке некæдбал рацæудзæнæ, е.

Æцæг бæгъатæри хузæн дардта æхе Тæрхъан еци бæнтти, бомбæ ку исрæмугъта, уæд æ реуæй нимбарзта Къесати Наташæ æма æ фурт Аслани. Наташæ куд зæгъуй, уотемæй еци бомби æсхъеуæццæгтæй гъæуама мах фæммард адтайанæ, фал еци цæфтæ æхемæ райста Тæрхъан... Фæммард æй…

хæдзарæмæ естигор бацо, уæд дæ ревæдæй некæд рауагътайуонцæ. Лæмбунæг дæмæ байгъустайдæ Тæрхъан, уæдта ци курдтайсæ, еци дзаумау агорунбæл фæццалх уидæ уайтæккæдæр. Ескæмæн ести хуарздзийнадæ ракæнунæй бæрзонддæр имæ неци кастæй. Мадта ин ци æхцæуæн уидæ, куд Устур Фидибæстон тугъди архайæг, уотæ ин ци рæуæг хуæдтолгæ «Ока» балæвар кодтонцæ, уобæл æ фурти фурт адæми ескумæ куд раласæ-баласæ кодта, уомæ кæсун дæр.

Сæбанти Гæбулий фурт Тæрхъан ахид æримисидæ, æ раздæри ахурдзаутæй дууей, нуртæккæ бунæтти косгутæ «Горгаз»-и дуармæ куд исбуцæу æнцæ, сæ раздæри директори æ хæдзарæмæ си ка баластайдæ, уобæл, еци хабар. Æма исхаудтæй, æ хуæдтолги бадæнтæ фæлмæндæр кæмæн адтæнцæ, уой халæ.

– Дзæгъæли нæ фæццардтæн еунæг бон дæр, уомæ гæсгæ ба нецæбæл дæн фæсмойнаг,– ахид ракæнидæ уотæ.

Æма æ дзубандитæ цудæнцæ зæрди арфæй. Уомæн æвдесæнтæй ба сæ сæйрагдæр æнцæ æ зæнæг: Фатимæ, Ларисæ æма Азамат. Сæ еугур дæр адæми тонхи рацудæнцæ, хуæрзæгъдау, адæми 'хсæн кадгин, нимади.

Тæрхъан цæйбæрцæбæл лæдæргæ æма хуæдæфсармæ адæймаг адтæй, уомæн ба æвдесæн æй, æ бийнонти 'хсæн куд курухонæй æвдиста æхе, е дæр.

– Алетæ, бахатир кæнæ, мæ зæруай æма æнæхъаурæдзийнади дæумæ ке 'рхаудтæн, уомæй, – ахид зæгъидæ æ киндзæн.

Тæрхъанæн æ цардæмбал Софья, Бесолти Александри кизгæ, гъулæггагæн, æ уæлзæнхон



**Сæбанти Тæрхъани байвардтонцæ, Беслæни фудбæлахи ка фæммард æй, уони хæццæ «Изæдти Сахари».**



ею Таркан Габулиевич Сабанов. Что надо до последней минуты сеять доброе, разумное, как сеял Таркан Габулиевич. В противном случае – жди беды. И извлекая уроки из жизни Учителя, каждый из нас на своем месте должен усвоит, что нельзя, что есть табу...»



## АХУРАДÆ



Нæ республики скъолатæ, капиталон цалцæги куститæ ма кæми цæунцæ нисангондмæ гæсгæ, уонæй уæлдай иннетæ ба цæттæ 'нцæ ахури нæуæг анз райдайунмæ. Ӕлхæд æрцудæнцæ еугур ахургæнæн киунугутæ дæр. Нур скъоламæ цæун ка райдайдзæнæй, еци 10 мин фиццагкъласонтæн сæ еугурейдæр 4 сентябри бапæвдаудзæнæнцæ зæрдæбæлдарæн лæвæрттæй. Аци анз уæлдæр æма астæуккаг профессионалон ахуради ахургæнæндæнтти 121 рауагъдони исфæндæ кодтонцæ скъолати æма сабийти рæвдауæндæнтти косун. Нæкæси, республики разамунди унаффæмæ гæсгæ æригон специалисттæн сæ кусти фиццаг анзи сæ мизди уæлæнхасæн ма фист цæудзæнæй 9 мин соми, дуккаг анзи ба – 6 минемæй фулдæр.

## МАДДÆЛОН ÆВЗАГ

Сентябри кæрони æртæ боней дæргъи Цæгат Иристон исиуазæг кæндзæнæй Еугуруæрæсеуон профессионалон конкурс «Маддæлон æвзаг æма литератури хуæздæр ахургæнæг»-и кæронбæттæни ериси архайгути – дæс æма фондзинсæй адæймаги. Аци мадзал мах республики уомæ гæсгæ арæзт цæуй, æма еци конкурси фарæ уæлахезон иссæй не 'мзæнхон – Бекъойти Янæ, Дзæуæгигъæуи Алайнаг гимназий скъола-интернати ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг. Аци анзи кæронбæттæни еристи хатдзæгтæ конд æрцæудзæнæй, «Скъоламæ цæуни размæ кари сувæллæнтти маддæлон æвзагбæл дзоруни арæхстдзийнади райрæзти фæдбæл хуæздæр фæлтæрддзийнадæ», зæгъæ, номинаци.

## ПАТРИОТОН ГЪОМБÆЛАДÆ



Цæгат Иристони 2024 анзи косун райдайдзæнæй æфсæддон-патриотон гъомбæлади Центр. Анзи дæргъи си арæзт æрцæудзæнæй дууинсæй фæлтæри, уоми ахурти архайдзæнæнцæ еумæйагæй æртæ мин скъоладзауемæй фулдæр. Аци анз сентябри ба нæ республики скъолати байгон уодзæнæй 23 кадетон къласи. Кæд æма ахури евгъуд анзи кадетон æзмæлди архайæг скъоладзаути нимæдзæ адтæй цуппаринсæй, уæд нур ба ахури нæуæг анзи исуодзæнæй минæй фулдæр. Республики æфсæддон комиссариатæй куд игъосун кæнунцæ, уотемæй ахури евгъуд анзи æфсæддон цæттæдзийнади гъуддаги архайдтонцæ 3,5 мин ахурдзауи.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Цæгат Иристони 2026 анзи уæнгæ капиталон æгъдауæй цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ 74 скъолай, уонæй 2024 анзи авд æма дууинсæй, 2025 анзи – цуппæрдæс, 2026 анзи ба – æртиндæс. Уой тухххæй игъосун кæнуй нæ республики арæзтади æма архитектури министр Моргуати Константин.

* * *

**Куд нисангонд цæуй, уотемæй, Цæгат Иристони 2024 анзмæ уæлæнхасæн ма гъæуама арæзт æрцæуа скъолати фондз театри. Нерæнгæ бал нæмæ ес уæхæн 182 театри. Республики ма æнхæстгонд цæунцæ регионалон проекттæ «Театртæ – сувæллæнттæн» æма «Музейтæ – сувæллæнттæн».**

* * *

Мæскуй бæрæггонд æрцудæнцæ, «Медиктæ-патриоттæ», зæгъæ, Патриотон форуми хатдзæгтæ. Аци æнæмæнгæ гъæугæ мадзал арæзт æрцудæй фиццаг хатт. Архайдта си Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академи дæр. Ӕма дзæбæхгæнæн факультети студенттæ Цирихати Мæдинæ, Бестаути Геуæрги, Гуæцæлти Азæмæт ци проект «Фæлтæрти хед» бацæттæ кодтонцæ, е нимад æрцудæй уæлахездзаути нимæдзæмæ.

* * *

Аци анз Цæгат Иристони медицинон колледжмæ ахур кæнунмæ бацудæнцæ 700 лæхъуæни æма кизги. Етæ ахур кæндзæнæнцæ мæнæ ауæхæн дæсниæдтæбæл: «Дзæбæхгæнæн гъуддаг», «Лабораторон диагностикæ», «Фармаци», «Акушерон гъуддаг», берети ба фæндуй медицинон хуæри дæсниадæ райсун. Аци ахургæнæндони ахур кæнунмæ ист æрцудæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути цæуæт дæр.

* * *

**Нæ республики ахурадæ æма науки министр Алибекти Элли загъдмæ гæсгæ, аци анзи фиццаг æмбеси сувæллæнтти æма æнагъонти 'хсæн фудгæнди цаутæ фари аци рæстæги хæццæ рабаргæй, фæмминкъийдæр æнцæ зингæ – 30,4 процентей бæрцæ. Ӕнагъонти гъуддæгути фæдбæл дæлхайæдти хигъди нуртæккæ 'нцæ 258 кæстæри. Уавæри фæдбæл дзоргæй, министр куд загъта, уотемæй нуртæккæ хъæбæр ахсгиаг æй педагог æхе цардиуагæй ку æвдеса царди хуæрзведауци æма этнокултурон рохсади дæнцæ.**

## АХСГИАГ ЦАУМÆ ЦÆТТÆ КÆНГÆЙ...




# НÆ КАДГИН БÆРÆГБОН ИСЦИТГИН КÆНÆН АККАГÆЙ

Иннæ анз бæрæггонд цæудзæнæй нæ республики тæккæ сæйрагдæр бæрæгбæнттæй еу – 100 анзи æнхæст кæнуй Цæгат Иристони автономибæл. Аци цау цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уобæл дзорæг ба 'й е дæр, æма Уæрæсей Федераций Президент 2019 майи мæйи бафинста сæрмагонд Указ Федералон æмвæзадæбæл æй исбæрæг кæнуни туххæй. Еци гъуддаг исаразуни фæдбæл арæзт æрцудæнцæ куд федералон, уотæ нæхемæ республикон къуæрттæ.

Бæрæгбонмæ цæттæ кæнуни фарстатæбæл æрæги дзубанди цудæй, нæ республики Хецауади сæрдар **Дзанайти Барис** сæрмагондæй ци æмбурд исаразта, уоми.

Нисангонд цæуй берæ аллихузон цитгингæнæг мадзæлттæ, сæ сæйрагдæртæ 'нцæ цуппæрдæс – культурон æма рохситауæн цауей бæрæггæнæнтæ, форумтæ, зонадон литератури æма æндæр полиграфион æрмæгутæ бацæттæ кæнун æма рауадзун...

Зингæ куст гъæуама арæзт æрцæуа культурон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уонæмæй дæр æма æндæр културон-рохсадон косæндæнттæ барæвдзæ кæнунбæл. Еци гъуддаг нуртæккæ æнхæстгонд дæр цæуй. Зæгъæн, фарæ райдæдтонцæ цалцæг кæнуни кустита Хъæбæлоти Билари номхæссæг сувæллæнтти исфæлдистадон галауани – е дæр културон бунтæмæ хаст цæуй. Юбилеймæ цæттæгæнæн мадзæлттæмæ бахæсгæ 'й Алагири Музейон-паркон комплекс бацалцæг кæнуни туххæй гъæугæ куститæ дæр. Етæ кæмæн аразгæ 'нцæ, уонæн Дзанай-фурт байхæс кодта, цæмæй сæ еугурейдæр афойнадæбæл æма хуæрзгъæдæй исæнхæст кæнонцæ.

Куд нисангонд цæуй, уотемæй Цæгат Иристони автономий сæдæ анзей бæрæгбон 2024 анзи бæрæггонд цæудзæнæй федералон æмвæзади дæр. Уой нимайгæй, Дзанай-фурт загъта:

– Махæн е ахсгиаг цау æй, уомæ гæсгæ ба гъæуама уой фæрци байархайæн, нæ адæм, нæ историй, нæ национ културæ цæмæйдæриддæр гъæздуг æма гъомусгин ан, уой берæвæрсугдзийнадæ æнхæстæй æма ирдæй равдесунбæл. Еци нисанеуæгæй ба гъæуама еугур рагагъоммæ куститæ æнæзæрдæдзоргæй банхаст кæнæн. Никки – бæрæгбон исцитгин кæнуни фæдбæл нисангонд еугур гъуддæгутæ дæр бæрзонд æмвæзади айдагъ республики æма муниципалон искондти нæ, фал ма Мæскуй æма Петербурги, не 'мзæнхонтæ кæми цæрунцæ, еци регионти дæр исаразæн...

Нæ республики автономий юбилей кадæн гъæуама ци зæрдæбæлдарæн æхца уагъд æрцæуа, уой æндаг бакаст, бæрæгбони нисантæ дæр исцæттæ 'нцæ, никки ба ма раудздзæнæнцæ почти сæрмагонд маркæ дæр. Республики алли рауæнти арæзт æрцæудзæнæнцæ концерттæ, равдиститæ, конкурстæ, Цæгат Иристони социалон-экономикон, промышленнон æма инвестицион гъомусадæ æвдесæг мадзæлттæ. Мæскуй рацæудзæнæнцæ Цæгат Иристони аййевадæ æма култури бæнттæ.

Ӕмбурди ци дзубанди рауадæй, уой хатдзæгтæмæ гæсгæ юбилейи мадзæлтти пъланмæ хаст æрцудæнцæ æндæр фæндитæ дæр.

* * *

Нæ газети дæр цæунцæ æма идарддæр дæр цæудзæнæнцæ мухургонд сæрмагондæй æрмæгутæ Цæгат Иристони автономий 100 анзей фæдбæл. Абони дæр мухур кæнæн нæ республики зундгонд фæскомцæдесон-партион архайæг æма финсæг **Бæдоати Хъазбеги** имисуйнæгтæ *(6-7-аг фæрстæбæл)*. Аци æрмæг уой туххæй равзурстан, æма нæ фæсевæд алкæддæр адтæнцæ хестæрти фæндитæ разæнгардæй æнхæстгæнгутæ, Райгурæн бæсти сæрбæлтау æнoвудæй архайгутæ. Абони дæр, нæ Фидибæстæн лæгæвзарæн бæнттæ ку ралæудтæй, уæддæр бабæй еугур гъуддæгути уæзæ етæ райстонцæ сæ усхъитæмæ. Уомæн ирд æвдесæн – куд уодуæлдайæй хъазауат кæнунцæ сæрмагонд æфсæддон операцийи. Уотæ рæстуодæй архайунцæ еугур иннæ арфиаг гъуддæгути дæр. Ӕма Бæдоати Хъазбег ци хабæрттæ æма цаути кой кæнуй æ имисуйнæгти, етæ дæр, махмæ гæсгæ, нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг уодзæнæнцæ нæ нури æригæнттæн.

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**

*САРАХЪАТИ Владимир (1908-1986), фæскомцæдесон-партион архайæг: «Мах, Секери ирæзгæ фæлтæр хъæбæр æхцæуæнæй архайдтан Октябри революций фæсте ци нæуæг цард ралæудтæй, уой фæткæ æма æгъдæуттæ гъæуай кæнунбæл. Ка фæрраздæруайæй ерис кодтан, коммуниcттæ нин ци ихæстæ бабарæ кæниуонцæ, уони æнхæст кæнунбæл. Хъæбæр цийнæгæнгæй исæмбалдан, Секери хецæн фæскомцæдесон*




**Фæскомцæдесон организаци «Спартак»-и бундорæвæргутæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Акакий Кавтарадзе, Илья Никонов, Хетæгкати Петр, Михаил Романов, Василий Кудрявцев, Андрей Гармаш, Ольгæ Гагина, Нинæ Зубкова. 1918 анз.**

# БАЗУРГИН ФÆЛТÆР



***БÆДОАТИ Исай фурт Хъазбег (1901–1979) фæскомцæдеси рæнгъитæмæ бацудæй 1920 анзи æма уæди рæстæгути фæсевæд ци берæ арфиаг гъуддæгутæ аразта, уонæми разæнгардæй архайдта. Газет «Рæстдзинад» цæун ку райдæдта (1923 анзи мартъий), уæд иссæй æ еузæрдиуон гъæуун уацхæссæг. Мæскуй журналистики институт каст фæуугæй (1930 анзи) иссæй аци газети сæйраг редактори хуæдæййевæг, анзи фæсте ба – редактор.***

***Бæдой-фурт адтæй зундгонд æхсæнадон архайæг дæр. 1931-1937 æнзти адтæй партий Цæгат Иристони бюрой иуонг, облæнхæсткоми иуонг. 1937 анзи 'й равзурстонцæ Цæгат Иристони финсгути Цæдеси сæрдарæй æма журнал «Мах дуг»-и редакторæй. Раст еци анз ба 'й рацох кодтонцæ партийæй, финсгути Цæдесæй æма ин тæрхонгонд æрцудæй. 1955 анзи æй исуæгъдæ кодтонцæ æма реабилитацигонд æрцудæй. Иристонмæ исæздæхгæй, куста Хумæллæги районы газет æма газет «Социалистическая Осетия»-йи.***

***Пенсий рацæугæй е 'ргом æнæгъæнæй дæр раздахта литературон исфæлдистадæмæ – ниффинста очерктæ, радзурдтæ, романтæ. Рацудæй ин публицистики æма прози берæ киунугутæ.***

*Чи хъуыды кæндзæни, чи ма йæ зоны?*
*Топпы фæздæгмæ махæн нæ цард...*
*Уыцы змæстыты, уыцы тæвд боны*
*Иу къухы топп куы уыд, иннæйы – кард.*

ХЪАМБЕРДИАТЫ Мысост

Æрæги рауолæфунмæ бацудтæн Хетæгкати Къостай номбæл паркмæ. Еу хорварс рауæн къелабæл æрбадтæн. Мæнæ дзубандигæнгæ 'рбацæуунцæ æма мæ фарсмæ, еци къелабæл иннæ кæрони, æрбадтæнцæ дууæ лæги. Сæ дзубанди мæнмæ дæр игъустæй. Ци бæрæгбон æрцæуй – Цæгат Иристони автономий юбилейи бон – уой кой кодтонцæ.

– Бæрæгбон ма ци хузи искæнонцæ, уой нæбал зонунцæ æма нур ба автономий бæрæгбон æримистонцæ. Цæмæн гъæуй? Сæдæ анзи дæр ма зæгъæ, кенæ мин анзи...

Ка 'й зонуй, бæрæгбон цæмæн кæнæн, еци æнзти дæргъи нæ адæми къохи ци устур æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй политикон, экономикон æма культурон цардарæзти, уоми аци дууæ адæймаги сæхуæдтæ дæр æнцæ раззæгтæй. Фал сæ бакастмæ гæсгæ адтæнцæ æмбес кари лæгтæ. Паддзахи дзамани цард ка нæ æрæййафта, уæдта, адæмтæн автономий бартæ ка равардта, еци революций размæ адæм куд цардæнцæ, уой æхе цæститæй ка нæ фæууидта, уæхæнттæ адтæнцæ.

Фал мах еуминкъий фæстæмæ ракæсæн æма нæ цæстингас рахæссæн, абони бонтæмæ ци нæдтæбæл цудан, уонæбæл.

## ЦАРД НÆ РАЗДÆР ÆХУÆДÆГ ИСАХУР КОДТА...

Феврали æма Октябри революцити цаутæ мæн æрæййафтонцæ лæдæрунгъон лæхъуæнæй – æвддæсанздзудæй. Фæууидтон ма паддзахи доги зæнхкосæг лæги мæгур æма æгадæ цард. Медтугъди стъæлфæнтæ, Советон хецаудзийнадæ ниффедарунбæл тох, индустриализаци, коллективизаци... Уæд æз адтæн фæскомцæдесон. Еци æнзти мæ райгурæн Цæгат Иристон дæр иссæй хуæдбарæ советон автономон бæстæ.

Абони, не 'стур бæрæгбони къæсæрбæл, мæ зæрдæбæл æрбалæуунцæ, мæ карæн фæскомцæдесонти хæццæ куд тох кодтан нæ хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнунбæл – гъома, сæребарæдзийнадæ нин ка равардта, еци Советон хецаудзийнадæ ниффедар кæнунбæл.

Фæскомцæдесон организаци Иристони зæнхæбæл тæккæ фиццаг фæззиндтæй 1918 анзи. Къуар биццеуи æма кизги бамбурд æнцæ Дзæуæгигъæуи, æма сæ турусабæл ниффинстонцæ «Фæсевæди коммунистон Цæдес «Спартак». Адтæнцæ си: Михаил Никонов, Василий Кудрявцев, Андрей Гармаш, Хетæгкати Петр, Нинæ Зубкова æма иннетæ. Гъулæггагæн, уоййасæбæл дæргъвæтин нæ рахаста еци минкъий организаций карнæ: уайтæккæдæр сæмæ æрбалæбурдтонцæ Деникини уорсгвардионтæ æма сæ ниххæлеу кодтонцæ, кедæрти ба си маргæ дæр ракодтонцæ.

Фал уæддæр нæуæг цардарæзтбæл тохгæнæг фæсевæди архайд бундоронæй искунæг кæнун ба знæгти бон нæ бацæй. Советон хецаудзийнадæ знæгтæ кæд фехалдтонцæ, уæддæр – рæстæгмæ. Цалинмæ «уорситæ» Терки бæсти хецауеуæг кодтонцæ, уæдмæ сæ къилдунмæ агъазиау куст кодтонцæ фæскомцæдесонтæ, гъулæггагæн, уой туххæй историй зингæ бæлвурд æвдесæнтæ нæ байзадæй.

Дуккаг хатт æма, куд фæззæгъунцæ, муггагмæ фæскомцæдесон организаци Цæгат Иристони райгурдæй 1920 анзи, Советон хецаудзийнадæ бустæги ку æрфедар æй, уæд.

Æз дæр уæд, гъæуккаг зæнхкосæг биццеу, мæ хъисмæт исбастон фæскомцæдеси æма Коммунистон партий хæццæ.

Уомæй минкъий раздæр æз каст фæдтæн гъæуккаг скъола. Мæнæй фулдæр ахурдзийнадæ ме 'мбæлттæй, дууæ-æртемæй фæстæмæ, некæмæ адтæй. Иннетæй ба ка бустæги æнахургонд адтæй, ка ба зудта уотид кæсун-финсун, фæйнæ еу-дууæ анзи исахур кодтонцæ гъæуккаг скъолай.

Нур, еци рæстæгути цаутæбæл дæсгай æнзтæ ку рацудæй, уæд фæсевæдæн ку фæдздзорун уæди фæскомцæдесонтæ æма уони гъуддæгути туххæй, идейон æгъдауæй куд еузæрдиуон адтæнцæ партий гъуддагбæл, куд зæрдиагæй архайдтонцæ нæуæг цардарæзти сæрбæлтау, сæ уодтæ не 'вгъау кæнгæй, куд цудæнцæ Советон гъуддæгутæ багъæуай кæнунмæ, уæд мæ десгæнгæй ахид рафæрсунцæ:

– Нæдæр киунугæй, нæдæр политикæй фагæ ахур ку нæ адтæнцæ, уæд кæцæй адтæй фиццаг фæскомцæдесонтæмæ уæхæн еузæрдиуондзийнадæ æма разæнгарддзийнадæ?

Æма син æз кæддæриддæр раттун уæхæн дзуапп:

– Цард сæ раздæр æхуæдæг исахур кодта!..

Цæмæй æма куд, уой туххæй мæ равдесун фæндуй уæди цардæй цалдæр дæнцæни, кæми исгъомбæл дæн (Беслæнигъæуи), уоми мæхуæдæг ке фæууидтон, уæхæнттæ.

Беслæнигъæу берæ ирон гъæутæй уæлдай адтæй, гъæздугутæ æма сæудегергæнгутæ берæ кæми цардæй, уæхæн гъæу. Минкъий си нæ адтæй, æхе ездæнттæй ка исхудта, уæхæн муггæгтæ дæр.

Гъе æма Октябри революций размæ ами æрæмбурд æнцæ, еци «ездæнтти» æвзурст лæгтæ æма тæрхон кодтонцæ, «сау адæммæ» ци цæстæй кæсун гъæуй, уобæл. Æма рахастонцæ унаффæ:

*«Нæ дæлдæртæ æма нæ косæг адæми 'хсæн хæлеу кæнæн уæхæн зундирахаст, цæмæй патриотон цæстингас даронцæ æма сæхе фиди хузæн уарзон цæстæй кæсонцæ махæн æлдардзийнадæ ка равардта, еци паддзахмæ. Цийфæнди хузи революционертæ ку фæззинна нæ адæми 'хсæн, уæд сæ искунæг кæнунбæл архайæн æнауæрдгæй. Нæ кизгутти лæгтæмæ ма дæттæн, уæдта айдагъ е нæ, фал дзубанди дæр ма кæнетæ, нæхецæй дæлдæр ци муггæгтæ 'нцæ, еци адæми хæццæ. Нæ дæлбарæ ци муггæгтæ ес, уонæн маци дзорæн, талингæ æма æнæфæууиндæй цæмæй цæронцæ, уой тухххæй. Нæхецæн сæ косун кæнæн, сæ сувæллæнтти ба син скъоламæ ма уадзæн».*

Рагон цаутæ имисун алкæд æхцæуæн нæ фæуунцæ, уæлдайдæр зæрдæбæл хуарзæн ке нæ дарис, уæхæн ку уонцæ, уæд. Фал уони дæр еуæй-еу хатт æнæ æримисгæ нæ фæууæн, цæмæй сæ абони царди хæццæ рабарæн.

...Беслæни вагзали адтæй дууæ зали: еу – фиццаг кълас, иннæ – дуккаг. Фиццаг къласи адтæй ресторан. Цæун имæ уагътонцæ, европаг дарæс кæбæл адтайдæ, айдагъдæр уæхæнтти. Æ бацæуæн дуарбæл ба финст адтæй: «Ардæмæ хуæнхæгтæн æма куйтæн цæуни барæ нæййес».

Еци æгъдау æнхæст кæнунмæ æ цæстæ ка дардта, уонæй еуебæл æрцудæй уæхæн цау. Еу хатт дуаргæс еу лæги фæстæмæ расхуста хуæнхаг дарæси еци дуарбæл ку бахизтæй, уæд:

– Кумæ æмпурсис, азиат? Нæ уинис, уæлæ уоми ци финст ес, уой? – байамудта ин дуарбæл финстмæ.

Еци «азиат» ке исхудта, е разиндтæй паддзахи æфса-

**Алли анз дæр 5 сентябри бæрæггонд цæуй хуæрзауондундзийнади Æхсæндуйнеуон бон. Нæкæси, Уæрæсей ма 23 августи бæрæггонд фæццæуй рæдаузæрди æма хуæрзауодундзийнади Бон, æй æхсæнадон-аргъауæндони бæрæгбон.**

***организаци арæзт ку ’рцудæй, уæд еци цаубæл. Е адтæй 1920 анзи. Уæд нæ гъæумæ сæрмагонд ихæси хæццæ ’рбацудæй Дигоргоми фæскомцæдесон организаций минæвар Годзойти Майрæн æма нин хъæбæр фæййагъаз кодта. Исаразта цалдæр фембæлди гъæуи кизгуттæ æма лæхъуæнти хæццæ, радзурдта син, фæскомцæдеси размæ ци вазуггин ихæстæ лæууй, уой туххæй.***



ди афицер, беслæнигъæуккаг Торчинти Бицка. Æ сабийдоги Бицка берæ фæххаттæй фонси фæдбæл. Æма афицери цин ку райста, сауæнгæ уæддæр нæ фехалдта æ ахур: цудæй æнæцъарæ кæрци, нæхемæ æркъети æма уæлдзарм ходи. Æ къохи ба еудадзугдæр хаста даргъгомау фиййауи лæдзæг. Кæрци медæгæй дардта нæхемæ цъæх цохъа, афицери пъагæнтти хæццæ.

Дуаргæси æфхуæрæн загъд Бицкайæн хъæбæр гъулæг адтæй. Æ фиййауи лæдзæгæй ин æ рагъæн еу цæф фæккодта «номæвæрæггаг». Æ гъæр иссудæй. Æ гъæрмæ ин рауадæнцæ жандармтæ. Фал хабар ку балæдæрдтæнцæ, уæд сæхуæдтæ хатир ракурдтонцæ Бицкайæй.

Уæхæн æма æндæр аллихузон миутæ цудæй паддзахи дзамани иннæ гъæути дæр. Адæмæн сæ тог фунхтæй уæхæн æгъдæуттæмæ кæсгæй, фал сæ бон ци адтæй?

Уæдмæ æрцудæй еу революци – паддзахи æ бунатæй исистонцæ. Адæм уобæл хъæбæр бацийнæ кодтонцæ. Уомæн æма алкедæр æхецæн хуæздæрмæ æнгъæлмæ кастæй. «Сæребарæ», зæгъгæ, еци æхцæуæн загъди хæццæ алкедæр баста æхе царди идарддæри фæндитæ: зæнхкосæг æнгъæлмæ кастæй зæнхæ райсунмæ, заводи косæг – аст сахатти косгæ бонмæ. Фал паддзах кæд тард æрцудæй æ бунатæй, уæддæр хецауадæ адæми къохтæмæ нæ бахаудтæй. Рæстæгмæ хецауадæ ке худтонцæ, уой, фиццагидæр, адæм базудтонцæ, тугъдæн кæрон искæнунмæ ке нæма гъавунцæ, уомæй. «Цæмæй нæ сæребарæдзийнадæ багъæуай кæнæн, уой туххæй тугъд кæронмæ рахъæртун кæнун гъæуй. Амæй уæдмæ бал аст сахатти косгæ бонбæл дæр нæма дзорæн. Пъамещикти зæнхитæ дæр уой фæсте райсдзинан».

Уотæ дзурдтонцæ, центри ци рæстæгмæ хецауадæ адтæй, етæ. Уомæ арæзт адтæй, еци хецауадæн æндæр бунæтти ци оргæнтæ адтæй, уони архайд дæр, уомæн æма си гъар бунат æркодтонцæ буржуазий минæвæрттæ – меньшевиктæ æма эсертæ.

Фæстегæй нæ байзадæнцæ хуæнхаг адæмти нæуæг хецæуттæ дæр. Хестæр фæлтæрæй ма нур дæр беретæ гъуди кæнунцæ «Хуæнхаг адæми Цæдес», 1917 анзи сæрди фронтæн бæхтæ, хуар æма æндæр уæхæнттæ тагъд-тагъдæй куд æлхæдтонцæ, уони.

Еци анз газет «Терк»-и 10 мартъий номери «Хуæнхаг адæмти еумæйаг Цæдеси» Центрон Комитети номæй мухургонд æрцудæй:

***«Æфсæддон æма денгизон министр Керенскиймæ.***

*Петроград. Цæгат Кавкази æма Дагестани хуæнхаг адæмти еумæйаг Цæдеси Центрон Комитет сæрустур æй, ду ци бæгъатæр фæдздзурд фæккодтай, сæребарæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау размæ æмпурсуни туххæй, уой тæккæ фиццæгти хæццæ фегъустонцæ æма имæ разæнгардæй рандæнцæ мах æнсувæртæ – Кавкази сæребарæ æфсæддонтæ – туземаг дивизи. Центрон Комитетæй æруагæс кæнуй, сæребарæ багъæуай кæнуни гъуддаги Цæгат Кавкази хуæнхаг адæм дин ке уодзæнæнцæ федар нифс.*

***Комитети сæрдар,***
***Цæцæни бæхгин полкки ротмистр***
***Топа Чермоев».***

Ка адтæй Топа Чермоев? Паддзахи афицер, цæцæйнаг пъамещики фурт, Грознай нефтигурæнти хецау. Æма уæхæнттæ, гъай-гъайдæр, архайдтонцæ «тугъд кæронмæ» рахъæртун кæнунбæл.

Фал адæми хъаурæ æма фарнæй къæдзæх дæр ниннæруй, фæззæгъунцæ. Талингæ хуæнхаг адæм æма се ’фсæддонтæ рæстæгмæ æуууæндтæнцæ сæ нæуæг хецæуттæбæл, уомæн æма сæ сайдтонцæ сæребари номæй. Игъустонцæ сæмæ, цалинмæ син большевиктæ, Октябри социалистон революци сæ цæстити баст нæ райхалдтонцæ, уæдмæ.

Фал бæстæ тагъд нæма æрсабур æй Октябри революций фæсте дæр.

## ÆНДОН АРТÆНДЗАРÆНИ ÆХСЕДУЙ, ЛÆГ БА – НÆРТОН ГЪУДДÆГУТИ

...1918 анз. Контрреволюци рæстæгмæ фæуууæлахез æй Терки бæсти. Еци тæссаг бæнтти Дзæуæгигъæуи хонсарæрдигæй кадетти корпуси бæстихаййи æрæмбурд æнцæ Терки бæсти адæмти минæвæрттæ. Ка си адтæй кавказаг цохъай, ка – европаг костюми, ка – æфсæддон дарæси. Сæ еугур дæр ардæмæ æрцудæнцæ сабурдзийнадæбæл бадзубанди кæнунмæ. Уотемæй си алкедæр адтæй тугъдефтонг, æд тохæндзаумæуттæ. Кæрæдземæ кастæнцæ æнæуууæнкæ цæстæй.

Еци æмбурди трибуни Коммунистон партий номæй адæммæ седтæй Серго Орджоникидзе:

– Фæллойнæгæнæг дзиллитæ ардæмæ, мæнмæ гæсгæ, рæсугъд дзубандитæмæ игъосунмæ не ’рбацудæнцæ, – дзурдта Серго, – фал æрæмбурд æнцæ облæсти ци змæнститæ ес, уони басабур кæнуни туххæй. Уомæн æма цалинмæ мах кæрæдзей дзубандитæмæ игъосæн, уæдмæ еу адæми дзармадзанти цъухтæ арæзт æнцæ иннæ адæммæ... Æлгъистаг фæуууæд, еци тогкалæн тугъд ке фæндуй, е!

Еци сахат фæллойнæгæнæг адæм ба æнгъæлмæ кастæнцæ сæ минæвæртти унаффæмæ. Цæмæй адæм кæрæдзей мабал цæгъдонцæ, уомæн ци хуасæ ес, уой базонун фæндадтæй алкедæр. Серго син лæвардта цубур æма бæлвурд дзуапп:

– Тохмæ! Большевикти хæццæ еумæ Советон хецаудзийнадæ багъæуай кæнунбæл тохмæ! Айдагъ уотемæй ес сæ цард исаразæн фæллойнæгæнæг адæмæн».

Фал цард куд исаразун гъæуй, уой туххæй æндæр унаффæгæнгутæ дæр адтæй.

...Иристони устурдæр гъæутæй еу – Æрæдони æрæмбурд æнцæ ирон адæми «разагъди» лæгтæ: буржуазон националисттæ, контрреволюцион инæлартæ æма афицертæ, саугинтæ æма моллотæ. Етæ дæр се ’мбурд исаразтонцæ сæхе парти, нæуæг цардæн разамунд ка дæтдзæнæй, уæхæн. Хетæгкати Къоста дзилли цæсти куд цитгин æй, уой хуарз зудтонцæ аци «цардаразгутæ» æма уомæ гæсгæ сæ партибæл исæвардтонцæ адæмон финсæги ном – «Къостай къуар».

Циуавæр хуарз гъуддæгутæй зæрдæ æвардта еци парти ирон фæллойнæгæнгутæн? «Зелгæ думгæ исистадæй, зелгæ думгæ уруси бæстæбæл, æма пурхæ кæнуй, цæбæл æмбæлуй, уони, – финстонцæ сæ программи. – Хъæбæр тас æй, мах дæр кæрæдземæ ку фæуууæн, уомæй...

Махмæ нæ адтæй зæнхгинтæ, адæми тогцъиртæ, махмæ нæ адтæй æма нæййес фабрикти æма заводти хецæуттæ, адæми фæллойнæй æхецæн бунтæ ка аразта. Æмхузон мæгур адæм ан мах нæ еугур дæр, хонхæй будурмæ: алкедæр ни цæруй æхе уоди фæллойнæй...»

Куд нæ бауууæндтайуонцæ еци таурæхътæбæл хумæтæг фæллойнæгæнгутæ! Туйгъанти Амурханæн паддзах балæвар кодта 20 мин дæсæтини Дигори фæллойнæгæнгути зæнхитæй, нарон седзæргæс ба е ’стонг сувæллæнттæн хъæдори бæсти дортæ фунхта.

Рагон царди хабæрттæ имисгæй ма мæ фæндуй 1919 анзи цаутæй еуей кой ракæнун, мæхуæдæг ке фæууидтон, уæхæн. Е адтæй зумæги, еу уазал сæумæ. Беслæнигъæумæ æрбампурстонцæ балберæгътæ – Деникини уорс æфсæдтæ. Сæйгæ æма стонг сурхæфсæддонти цагътонцæ топпæй æма кардæй, пулеметтæ æма дзармадзантæй. Абæргутау, адæми хæдзæрттæ, скъæттæ, кæркдæнттæ къахтонцæ.

Тугъд ку фæссабурдæр æй, уæд станци фæзæмæ бæхгин æфсæддонти къуари разæй бацудæй инæлар Ляхов. Гъæуи «æвзаргæ» адæм æма контрреволюцион афицертæ рацудæнцæ æ размæ, цæнхæ æма кæрдзини хæццæ. Инæлари къохмæ равардтонцæ ирон æртæ къерей æма ин загътонцæ:

## ÆМА НÆУÆГ ЦАРДИ ХОР РАКАСТÆЙ ИРИСТОНБÆЛ...

– Исахуадæ нæ цæнхæ æма кæрдзинæй, цитгин инæлар, æма нин дзæбæх æгъдæуттæ æрæвæретæ. Ирон адæм уин зæрдиаг æгасцæуай зæгъунцæ æма Хуцауи иуазæг уотæ.

Инæлар уæлбæхæй райста хунæ æма ’й, цума æцæгæйдæр ковгæ кæнуй, уой хузæн дзурдта:

– Уæ зæрдæмæ ци нæ цæуй, мах уин уæхæн хецауадæ æрæвæруйнаг нæ ан. Куддæриддæр уæ фæндуй, уотæ уæ цардæн уæхуæдтæ унаффæ кæнетæ. Мах агорæн айдагъдæр большевикти æма партизанти, уæдта мæнæ керменисттæ ке хонетæ, уони.

Еци дзубандити фæсте æвзестæй арæзт сикъай дзаг арахъ раниуазта æма æ цæсгон ранхъирдтæ кодта, цума цъæх æхсинцъæ рахуардта, уой хузæн, уæдта цихтгунæй дæр райахуста.

Уæдта идарддæр дзорун райдæдта:

– Деникини домбай æфсад æнæгъæнæ Уæрæсей аразуй уæлæбæл дзенет. Мах нæ зæрдæ дарæн бæгъатæр хуæнхаг адæмбæл, еци дзенет исаразуни сæрбæлтау не ’фсади рæнгъити ке косдзинайтæ рæстæй. Хуцау уин фæййагъаз кæнæд аци устур гъуддаги!

Инæлар æ дзубанди фæцæй уотæ:

– Фидæй-фуртмæ хуæнхаг адæм тухстæнцæ давуни гъуддагæй. Абони уомæн æ кæрон æрцудæй. Мах сæ уедагæ исæскъундзинан давгутæн. Нурæй фæстæмæ уæ федар скъæттæ аразун нæбал гъæудзæнæй: уæ бæхтæ уин некебал давдзæнæй.

Еуминкъий ку рацардæнцæ, æма, адæмæн сæ бон ци æй исаразун, уой ку равдистонцæ, уæд еци бæнтти æмбал Киров газет «Правда»-йи уотæ финста: «Раст ку зæгъæн, уæд Деникини æфсæдтæ ке «басастонцæ» Кавкази облæсттæй, уоми алли рауæнæй дæр æнæрæнцайгæй игъусуй дæсгай æма сæдæгай мин адæймæгути гъæрзун æма кæун».

Фал нæуæг царди хор ракастæй Иристони зæнхæбæл 1920 анзи мартъий мæйи. Уæд уорс æфсæдти фæссурдтонцæ бустæгидæр, æма æрфедар æй Цæгат Иристони зæнхæбæл Советон хецаудзийнадæ.

Уæхæн хабæрттæ ке фæууидтонцæ уæди фæсевæд сæ алфамбулай царди, уомæ гæсгæ æнахургонд биццеутæ æма кизгутти берæ гъуди кæнун нæ багъудæй: Ленини партий фæдздзурд æнцонæй балæдæрдтæнцæ æма æнæдузæрдугæй ниллæудтæнцæ фæсевæди коммунистон Цæдеси. Æдæрсгæй цудæнцæ уодуæлдай тохмæ революций гъуддаги сæрбæлтау.

Уæлдæр куд загътон, уотæ, советон хецаудзийнадæ Ири зæнхæбæл ку æрфедар æй, уæд нæуæгæй райгурдæй фæскомцæдесон организаци дæр. Гъæути кезугай арæзт цудæй фæскомцæдесон къуæрттæ. Заводти æма фабрикти дæр.

Инсæйæймаг æнзти фæскомцæдесонæн æ дзиппи, фиццагидæр, адтæй æвдесæндар – дууæ дудагъи бæзгин гæгъæдийæй минкъийгомау киунугæ, æртætегъон мухур æвæрдæй. Финст ба си адтæй: «Аци гæгъæди равдесæгæн (ном æма муггаг) æцæгæйдæр ин тохæндзаумау хæссуни барæ ке ес (топп – уæхæн номер, дамбаца – уæхæн номер). Уой худтонцæ тæккæ ахсгиагдæр документ, уомæн æма æнæ гæгъæдийæй тохæндзаумау хæссуни барæ некæмæн адтæй. Æнæ уонæй ба цæуæн нæ адтæй, уомæн æма ма еци бæнтти уорсити байзайæггæгтæ æма уони хузæн алли давгутæ еумæ лæбурдтонцæ зæнхкосгутæмæ сæ кусти уæлгъос, мардтонцæ æхсæнади косгути.

***(Уодзæнæй ма).***



**Фæскомцæдеси облæстон конференций делегаттæ Алагири – Æрæдони районæй. 1929 анз.**

**Дууæ бони бæрæггонд цæунцæ 8 сентябри – журналистти æмуоддзийнади Æхсæндуйнеуон бон æма кæсун-финсун зонунади Æхсæндуйнеуон бон.**

*Екатеринæ КРЫСАНОВА, Мæскуй Устур театри раздзæуæг балеринæ: «Адирхати Светланæ мин цитгийнаг æй куд ма уарзон ахургæнæг, мæ домагæ, фал зæрдхæлар хестæр... Æ уарзон Иристони, æ райгурæн Хумæллæг куд æгæронæй уарзта, е мæ устур деси æфтауидæ. Æ фидиуæзæги æз дæр цалдæр хатти адтæн, зæрдиагæй нæбæл ами исæмбæлиуонцæ...»*

# ЦАРД ÆЙ РÆСТÆГМÆ, КАДÆ БА – ÆНОСТÆМÆ...

Уæрæсе æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий культурæбæл æрцудæй уæззау зиан. Æхсæз æма цуппаринсæй анзи ибæл цæун райдæдта, уотемæй æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй зундгонд балеринæ, Советон Цæдес æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ, Иристони Фæллойни бæгъатæр Адирхати Дзантемури кизгæ Светланæ.



Алæмæти искурдиадæй хайгин, æгæрон фæллойнæуарзагæ адæймаг æ дæсниади исхизтæй аййевади бæрзонддæр рауæнтæмæ, æ бæлдтаг нисантæмæ разæнгардæй тундтæй, адтæй агъазиау арæхстдзийнадтæ æма аццагъуæдзийнæдти хецау. Адирхати Светланæ райгурдæй 1938 анзи Хумæллæги. Цæгат Иристони искурдиадæгин сувæллæнттæй Ленингради хореографион училищемæ (фæстæдæр иссæй А.Я.Ваганови номбæл уруссаг балети Академи) ахур кæнунмæ ке равзурстонцæ, уони хæццæ уæхæн амондæй фæххайгин æй Адирхати Светланæ дæр. Ами исахур кæнуни фæсте косун райдæдта Челябински оперæ æма балети театри.

Фæстæдæр, 1958 анзæй 1960 анзи уæнгæ куста Одесси оперæ æма балети театри.

Мæскуй 1960 анзи арæзт æрцудæй Цæгат Иристони Автономон Советон Социалистон республики литературæ æма аййевади Декадæ. Æма уой фæлгæти концертон программи архайдта Адирхати Светланæ дæр. Уæд æ алæмæти ирд искурдиадæ уоййасæбæл рабæрæг æй, æма нæ фидибæстон балети таурæхъон архайæг Галинæ Уланова æй æрбахудта номдзуд Устур театри архайунмæ.

Æригон балеринæн уæд райдæдта æ царди нæуæг къæпхæн, исфæлгонц кодта ирд сорæттæ: Одетта-Одиллия, Жизель, Эгина, Китри, Беатриче, Гаянэ, куд уонæми, уотæ ма берæ æндæр партити цæмæдесагæй раргом æй æ алæмæти искурдиадæ, игъустгонд иссæй куд æгæрон репертуарон гæнæнти артисткæ, уотæ.

Театралон аййевади институти балетмейстери хайадæмæ бацæуæгæй, Адирхати Светланæ еци-еу рæстæг 1978-1981 æнзти ахур кодта студентти дæр ма. «Классикон кафти уроктæ», зæгъæ, киунугæ фæлгонцгонд адтæй æ къартæй. Киунуги æ къартæй пайда кодтонцæ.

Устур театри солисткой Адирхати Светланæ фæцæй сауæнгæ 1988 анзи уæнгæ.

Æ сæри хецау А. Закалинскийи хæццæ 1991-1996 æнзти исаразтонцæ «Адирхати Светлани балети скъола», æхуæдæг си адтæй аййевадон разамонæг, уотемæй.

Наталья Нестеровайи Нæуæг гуманитарон университети 1995 анзæй 2001 анзи уæнгæ лæвардта классикон кафт.

Адтæй хореографион аййевади архайгути Ассоциаций сæрдар 1997 анзæй фæстæмæ.

Устур театрмæ фæстæмæ æрбаздахтæй 2001 анзи куд педагог-репетитор æма си кæрæй-кæронмæ фæккуста, æ зонундзийнадтæ æма агъазиау фæлтæрддзийнадæ фæсевæдæн не 'вгъау кодта. Адтæй Устур театри балетон труппи Аййевадон совети иуонг.

Адирхати Сетланæ æ райгурæн зæнхи хæццæ баст адтæй федар тæгтæй, æ алли исцуд дæр æ фидиуæзæгмæ нæ республикæн æма нæ дзиллæн алкæддæр исуйдæ зингæ культурон цау. Цæйбæрцæбæл кадгин адтæй æ уарзон Иристонæн, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма 2001 анзи æ ном равардтонцæ Дзæуæгигъæуи балетон скъола-студийæн. Мах си алкæддæр арфиаг æма сæрустур уодзинан, фидибæстон балетмæ агъазиау байвæрæн ке бахаста, Устур театри æ фæсте ирд фæд ке нииуагъта, æ рæсугъддзийнадæ æма сæрустурдзийнади тухæй, æ царди дæргъци рæсугъддзийнадæ æма сæрустурдзийнадæ рæстзæрдæй æма æнæрайиевитæ-байиевитæй ке фæххаста, уой тухæй.

Нæ зæрдити Адирхати Светланæ байзайдзæнæй цæхæркалгæ балеринæй, агъаззаг фæллойнæгæнæгæй, æ дæсниадон над аййевадæн зæрдиагæй лæггадæ кæнуни дæнцæ кæмæн æй, уæхæн адæймагæй.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæг Сергей МЕНЯЙЛО, Парламенти Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз, Хецауади Сæрдар ДЗАНАЙТИ Барис.***



## УÆЛДАЙ ЗÆРДТАГОН ИН АДТÆЙ Æ УАРЗОН ИРИСТОН...

Хуæрзæрæги, 12 майи Адирхати Дзантемури кизгæ Светланæбæл исæнхæст æй фонды æма цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл ибæл ци берæ цитгинæгæнæг финстæгутæ исæмбалдæй Уæрæсей æма фæсарæйнаг паддзахæдти аллирауæнтæй, уонæй ин уæлдай æхцæуæндæр иссæнцæ æ райгурæн Иристони дзилли зæрдтагон арфитæ:

– Хъæбæр боз дæн уæ арфитæй!.. Аци бæнтти мæ номбæл ци рæсугъд æма зæрдæмæгъаргæ дзурдтæ загътонцæ ме 'мкосгутæ æма ме 'мзæнхонтæ, уæдта аййевадæуарзгутæ, уонæй арфæгонд дæн. Уæ еугурей цæрæнбон дæр берæ уæд!

Уæлдай æхцæуæн мин алкæддæр фæуунцæ ме 'мзæнхонти саламтæ. Æма нуртæккæ мæхе цæттæ кæнун ме 'мтог адæми хæццæ нæуæг фембæлдмæ. Дууæ къуæрей фæсте рабалци кæндзæнæн мæ минкъий райгурæн бæстæмæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй мин исфæлдистадон фембæлдтитæ уодзæнæй Хумæллæги, Дзæуæгигъæуи, Цхинвали, уæдта æндæр рауæнти. Иристонмæ мæ хæццæ хондзæнæн мæ гъомбæлгæнуйнæгтæй цалдæрей. Уадзæ æма иристойнæгтæн равдесонцæ сæ аййевадæ.

Мæ зæрдæ дарун, еци фембæлдтитæ иристойнаг аййевадæуарзгутæн æхцæуæндзийнадæ ке 'рхæсдзæнæнцæ, убæл. Мæнæн ба цардгъомус æма уодæнцойни фæрæзнæ ке исуодзæнæнцæ, уомæй мæ нифс ес. Уомæн æма Иристон мæ зæрдæй некæд фæццох æй, мæ уоди рæбун æй дарун.

Светланæн исæнхæст æй æ фæндæ – бантæстæй ин æ уарзон Иристонмæ иссæун. Æма ибæл нæ дзиллæ хъæбæр батабедзæ кодтонцæ, исцитгин æй кодтонцæ хуæрзæгъдауæй. Кадгин уавæри ин лæвæрд æрцудæй нæ республики агъазиаудæр хуæрзеуæг – Цæгат Иристони Фæллойни Бæгъатæри ном.

Адирхати Светланæн æ еци балци, гъулæггагæн, иссæй æ фæстаг фембæлд æ фидиуæзæги хæццæ. Нæ дзиллæ абони хъæбæр зæрдхъурмæй хъонц кæнунцæ, нæ номдзуд æмзæнхон силгоймаг æ уæлзæнхон цардæй ке рахецæн æй, уой фæдбæл... Рохсаг уо, Светланæ, нæ Исфæлдесæг дин дзенети тæккæ уодæнцойнæдæр рауæн исаккаг кæнæд...



*Ирина ГУРЖИБЕКОВА*

## ТАНЕЦ СВЕТЛАНЫ АДЫРХАЕВОЙ

Кладет искусный ювелир  
Тона,очерчивает грани.  
Но камня первозданный мир  
Разрушить он не в состояньи.  
Хоть тот приемлет до поры  
Оковы строгие пропорций, –  
В нем сердце матери-горы,  
Неукрощаемое, бьется.  
…Так вижу я в тебе сейчас,  
За безупречностью огранки, –  
Естественные, без прикрас,  
Порыв и пламенность горянки.  
…Как будто выписан пастелью  
Узор, то нежен, то суров,  
И соткан он из тьмы ущелий  
И белой пены облаков.  
В полете, всплеске и круженье  
Над сценой руки воспарят,  
И – словно жеста продолженье –  
Газели беззащитный взгляд.  
От света рампы – к свету звезд  
Рванешься смело и открыто.  
Струится водопад волос  
На плечи девушки-джигита…  
И вновь, в иной стихии танца,  
Из бури ускользаешь в штиль,  
И льется, вопреки Сен-Сансу,  
Неумирающая быль.

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар*

## КАФÆГ ЧЫЗГ

*Адырхаты Светланæйæн*

Глюкы мелоди сæлфынæгау ризы,  
Рагон мысинагау зæрдæтыл риссы.  
Залы – дыууæйæ:  
Ды æмæ музыкæ,  
Сæууон урс бæлæстау кæдæмдæр тырнут,  
Фыдæхдзинад сафут дунейæ,  
Уæ базыртыл – арвыцъæх æмæ  
мыдыбындзытæ,  
Быдыры комытæф æмæ сауцъиутæ.

О, æнæазым фидыц, æрвхуыз маргъ,  
Кæд аргъауы сусæг дунейæ æртахтæ  
Æмæ зæрдæтæ скодтай катайаг.  
Кæд стъалыйы 'ртах дæ,  
Æлвæст æмæ сатæг.

Кæд уагъылыйы дидинæг ссыгъди цырагъау  
Æмæ бонырухс нуазы йæ пух былтæй.

Ды мæ хъарм фæндты зилдух кæныс,  
Цыма фынæй цады хуры тын кафы.  
Цыма цъититы 'хсызгон уымæлад  
Æнхъæвзы сæгуытæн йæ цæстыты арфы.

Ды – дымгæйæ дзаг наупæлæз,  
Тæхынæввонг уылæнтыл ласыс  
Мæ зæрдæ  
Æнусон ызмæлдмæ,  
Æнусон ызмæлдмæ,  
О, цин æмæ рисæй конд сау чызг!..

1963 аз.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 1913
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 04.09.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.09.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.